

Sivil –Seksyon Sivil Espesyal  
Plent DC- Limit \$20,000  
Mizajou Jiyè 1, 2022



## **Kijan pou Asiyen pou yon montan lajan rive jiska \$20,000**

**(Plent Sivil Espesyal ak Manda Konparisyon - Ka DC Sèlman)**

How to Sue for an Amount of Money up to \$20,000  
(Special Civil Complaint and Summons - DC Cases Only) - Haitian Creole

### **Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?**

**Ou kab itilize blòk done sa a:** Si yon moun oswa yon konpayi dwe w jiska \$20,000 epi w ta vle asiyen moun la oswa konpayi a. Men kèk nan rezon pouki ou takab asiyen yon moun oswa yon konpayi:

- Yon moun oswa yon konpayi pa respekte kontra oral oswa kontra alekri a.
- Ou mete lajan antan ke peyman inisyal epi ou vle pou yo remèt ou lajan ou.
- Pwopriyete w sibi dega nan yon aksidan machinn.
- Akize a domaje oswa pèdi pworiyete w.
- Machandiz ou achte a gen defò.
- Lajan ou peye pou travay ki fèt la te plen defo oubyen li pat konplete.
- Ou vle pou yo peye w pou travay ke w fè.
- Yon moun ba w chèk san pwovizyon.
- Ou bay pwopriyetè kay la depo garanti ke li pa remèt.

### **Ou pa kab itilize blòk done sa a pou:**

- Reklamasyon pou pansyon alimantè pou timoun, neglijans pwofesyonèl ak/oswa pansyon alimantè; oubyen
- Yon reklamasyon ki soti nan koze titèl, chwa pou asiyen moun nan tribinal oswa yon reklamasyon pou soulajman ekitab.

Remak: Si w panse ke w gendwa a resevwa plis de \$20,000, ou fèt pou prezante ka w an nan Divizyon Legal, Pati Sivil Tirbinal Siperyè a. Menm si w ap asiyen pou plis de \$20,000, ou kab toujou asiyen nan Pati Sivil Espesyal la, men w ap renonse a dwa w pou ta rekipere montan ki ta depase \$20,000. Lajan adisyonèl la pap kab reklame pita nan yon lòt reklamasyon. Ou fèt pou gen omwen 18 lane pou prezante yon reklamasyon. Si ou gen mwens de 18 lane, se swa

paran ou oswa moun ki responsab ou an ki pou prezante reklamasyon an pou w. Yon kòporasyon, konpayi ak responsabilite limite oswa patenarya ak responsabilite sivil limite pa kab prezante yon reklamasyon pou plis de \$5,000 san avoka; plent la kab prezante sèlman pa yon avoka ki reprezante kòporasyon an, konpayi ak responsabilite limite oswa patenarya ak responsabilite sivil limite.

**Remak:** Se Biwo Administratif Tribunal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo poukонт. Gen chanjman ki fèt nan gid yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribunal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis [njcourts.gov](#). Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman tribunal yo.

**Tout fòm konplete fèt pou soumèt ba Konte nan konte kote ou te depoze ka w an. Yon lis sou Biwo Tribunal Siperyè a ([Superior Court Offices](#)) disponib nan kontwa kliyan ak nan sitwèb [njcourts.gov](#).**

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribunal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

## Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprezante tèt ou nan Tribunal

### Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm jidisyè kab gen anpil konfizyon epi li ta yon bon lide pou angaje yon avoka si w kapab. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram Sèvis Legal konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn la sou liy yo anba "Legal Aid oswa "["Legal Services"](#)".

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asosyasyon bawo ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans Avoka ki fè pati Bawo Konte a kab founi w ak tout non avoka ki nan zòn ou an, ki dispoze jere tip ka w an an patikilye epi tou ki pafwa takab ba w yon konsiltasyon a pri redwi.

Genyen tou yon seri òganizasyon avoka minoritè atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere type de ka espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribunal Siperyè a yon lis tout sèvis referans avoka ki enkli tout òganizasyon sa yo.

### Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprezante tèt ou poukont ou nan tribunal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribunal la. Ou oblige obeyi tout Règleman tribunal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribunal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribunal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribunal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribunal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribunal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribunal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribunal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribunal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribunal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

## **Kenbe Kopi Tout Papye Yo**

Fè epi kenbe pou tèt ou tout kopi fòmilè ranpli yo ak tout chèk ki touche, money orders, tout resi de vant, bòdwo, kontra, devi, lèt, kontra lokasyon, foto, ak tout lòt dokiman enpòtan ki gen pou wè ak dosye w an. Prezante ak tout dokiman yo nan tribinal aprè yo voye notifikasyon ki egzije prezans ou.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

**Repons** (Answer) - Yon *repons* se yon repons alekri ki eksplike pouki ou panse ou pa dwe lajan a ba yon lòt pati nan ka a.

**Vyolasyon Kontra** (Breach of Contract) - se lè yo pa ranpli pwomès ki fè pati kontra alekri oswa aloral la.

**Sétifikasyon** (Certification) - Se yon deklarasyon alekri ki fèt ba tribunal la kote ou sèmante ke enfòmasyon ki nan dokiman yo ke w depoze nan tribunal la vre daprè sa w konnen.

**Plent** (Complaint) - Yon *plent* se yon dokiman kote ou bay tribunal la yon eksplikasyon tou kout de tout done nan ka w an ak montan ke w ap reklame a.

**Pa defo** (Default) - Lè yon akize pa prezante nan tribunal pou reponn a yon plent oswa li pa depoze yon repons, yon jij takab bay yon solisyon an favè Plenyan a. Se sa yo rele *pa defo*. Epi tou, si w (plenyan a) pa konparèt nan tribunal, tribunal la ta ka anile ka a.

**Akize** (Defendant) - Se moun yo asiyen a.

**Depoze** (File) - *Depoze* vle di remèt tout fòm apwopriye yo ba tribunal la pou tribunal la komanse konsidere demann ou a.

**Demann** (Motion) - Yon *demann* se yon petisyon alekri kote w mande tribunal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ki deja emèt.

**Yon Lòd** (Order) - *Yon lòd* se le tribunal la òdone swa alekri oubyen a loral yon direktiv oubyen entèdiksyon yon aksyon.

**Pati** (Party) - Yon *pati* se yon moun, biznes, oswa ajans gouvènmantal ki fè pati plent la oswa yon akize.

**Plenyan** (Plaintiff) - *Plenyan a* se moun (pati) ki antame aksyon a lè li depoze yon plent.

**Odyans sou Prèv yo** (Proof Hearing) - Jij la oswa tribunal la kab mande w (plenyan a) pou soumèt dokiman alekri oswa rakonte vèsyon pa w pou sipòte oswa pwouve valè oswa montan w ap reklame a kont akize a.

**Sèvis** (Service) - *Sèvis* se swa voye pa lapòs oubyen remèt tout kopi dokiman ou yo ba avoka lòt pati, oubyen ba lòt pati a dirèkteman si li pa gen avoka.

**Sèvis Livre Lòd Tribunal** (Service of Process) - Egzijans ofisyèl oswa livrezon yon manda konparisyon ansanm ak plent la ba moun (moun yo) oubyen biznis ke w ap asiyen a (akize yo).

**Manda Konparisyon** (Summons) - Manda konparisyon se papye ki avize akize yo ke y ap asiyen yo epi ki eksplike pazaswiv nesesè yo, yon fwa avi a finn resevwa.

**Deli Sivil:** (Tort) - Se enflije yon blesi sou yon moun oswa dega sou yon pwopriyete endepandan de yon kontra.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papye blan 8.5" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papye ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

## **Pazaswiv pou Asiyen pou yon Montan Lajan rive jiska \$20,000 (Plent Sivil Espesyal ak Manda Konparisyon -Ka DC Sèlman)**

### **PA 1: Ranpli Special Civil Part Complaint (Form A) (Pati Sivil Espesyal la (Fòm A)).**

*Special Civil Part Complaint* (Plent Pati Sivil Espesyal la) ap siyale tribunal la ak akize a tout done konsènan ka a ak montan lajan w ap chache nan men akize a.

### **PA 2: Ranpli Special Civil Part Summons (Form B) (Manda Konparisyon Pati Sivil Espesyal la (Fòm B)).**

*Special Civil Part Summons* (Manda Konparisyon Pati Sivil Espesyal la - ansanm ak plent la) ap remèt bay tribunal la ak akize ka a (moun oswa konpayi ke w ap asiyen a). Li bay akize a avi ke w prezante yon plent kont yo. Lap enfòme akize a tou de tout pazaswiv yo ke akize a fèt pou pran pou dispite reklamasyon a. Konplete pati seksyon anlè fòm manda konparisyon a sèlman epi founi frè korèk pou prezante ka a (*Ale nan Pa 4*) anvan ou voye pa lapòs oswa fè livrezon tout papye w yo ba tribunal la.

Manda konparisyon gen enfòmasyon ki deja enprime pou akize a. Anplwaye tribunal la va konplete tout seksyon ki parèt anba fòm la. Ranpli paj siplemantè a, si li ta nesesè, si w ta bezwen plis espas nan ka kote ki ta gen plizyè pati.

### **PA 3: Asire w ke tout papye ap rive nan men Akize a.**

Li enpòtan anpil ke w founi tribunal la ak adrès korèk akize a. Aprè ou finn prezante tout papye yo ba tribunal la, tribunal la va voye yo pa lapòs oswa fè livrezon ba akize ak adrès ou te bay tribunal la. Si adrès la korèk epi yo sèvi akize a ak tout papye ansanm ak tout repons plent la, lè sa a, tribunal la va notifye toude pati yo de dat ki pwograme pou jijman a. Tribunal la ap notifye ou si yo pataka jwenn akize a nan adrès ou te bay la. Lè sa a w ap oblige founi tribunal la ak yon lòt adrès ak repeye frè sèvis nan yon delè de 60 jou apati de dat ke w te prezante plent la oswa yap anile ka a. Yap restore li otomatikman si ou kab founi yon adrès valab nan yon delè de enan.

### **PA 4: Anekse Frè pou prezante ka a.**

Ekri yon chèk oswa Manda Postal a non de *Treasurer, State of New Jersey*, oubyen si w ap depoze plent la pa vwa elektwonik atravè Sisèm Elektwonik Dokiman Jidisye a (JEDS) ou ta mèt sèvi ak kat kredi.. Al nan paj 9 pou enfòmasyon sou kijan pou kalkile frè prezantasyon ka a.

### **PA 5: Ki kote pou Prezante Plent Pati Sivil Espesyal la (Fòm A) (Special Civil Part Complaint - Form A).**

Plent la fèt pou depoze nan Biwo Pati Sivil Espesyal nan konte kote omwen youn nan akize yo abite, oswa, si akize a gen yon antite biznis, nan konte kote biwo anrejistre a sitiye oswa nan

nepòt ki konte kote lap fè biznis. Si ta gen plis de yon akize, plent la fèt pou li prezante nan konte kote nepòt nan akize yo abite oswa, si se yon biznis, kote biznis la sitiye oswa kote lap fè biznis. Si okenn nan akize yo abite oswa ap fè biznis nan Noudjèze, plent la fèt pou prezante kote ensidan ki mennen plent la te fèt.

**Remak:** Yon plent pou ranbousman depo sekirite kab prezante nan konte kote pwopriyetè a abite oswa kote pwopriyete pwopriyetè a sitiye.

#### **PA 6: Tcheke tout fòm ranpli yo.**

Tcheke tout fòm ou yo epi asire w ke yo konplete. Retire tout papye enstriksyon yo. Asire w ke w siyen tout fòm ki mande siyati w. **Ou fèt pou genyen tout atik sa yo nan lòd swivan sa a:**

- *Complaint* (Form A); Plent (Fòm A)
- *Summons* (Form B) epi/oswa *Supplemental Page* (Paj Siplemantè a si ta gen plizyè pati ki nonmen);
- Frè pou depoze ka a swa an chèk obyen manda postal ouburn peyman elektwonik ak kat kredi Tanpri pa voye lajan kash pa lapòs. Mèzalò, ou ta mèt, itilize kash si w ap peye an pèsòn men kenbe resi ke anplwaye tribinal la remèt ou pou dosye w yo.

#### **PA 7: Lapòs oswa Livrezon Blòk done tout Papye ki konplete yo ba tribinal la.**

Ou gendwa depoze tout papye w yo atravè sistèm elektwonik JEDS la oswan an pèsòn. Si w voye papye yo pa lapòs, nou rekomande ke w itilize lapòs sètifye, ak avi resepsyón. Sa va founi w ak yon resi vèt ki kab sèvi kom prèv ke w te ekspedye tout papye yo pa lapòs. Biwo lapòs la kab di w kijan pou voye yon kourye sètifye, ak avi resepsyón.

- Lapòs oswa livrezon ba tribinal la tout fòm orijinal yo.
- Kenbe yon kopi de blòk done a konplè pou dosye pa w.
- Revize pa 1 a 7 anvan ou voye blòk done a pa lapòs ba tribinal la.

#### **PA 8: Akize a gendwa prezante yon Repons (Answer).**

Aprè ou finn depoze tout papye w yo nan tribinal la ansanm ak konplete tout sèvis jidisyè yo "Service of Process", akize a ap gen yon opòtinite pou li dispute tout reklamasyon ki parèt sou plent ou an lè li prezante ak sèvi yon repons alekri. Yo pap fikse dat pou tribinal toutotan akize a pa voye pa lapòs oswa fè livrezon repons alekri a, akonpaye de tout frè korespondan yo, ba Biwo Pati Sivil Espesyal la nan yon delè de 35 jou apati de dat ke yo te sèvi li ak plent la. Si akize a pa prezante yon repons a tan, ou kab gendwa a yon jijman pa defo youn fwa ke w soumèt tout prèv ou yo ba tribinal la.

#### **PA 9 W ap resevwa yon Dat pou Jijman nan Tribinal la.**

Aprè w finn depoze tout papye w yo nan tribinal la, epi sipozan ke Sèvis Pwosesis Jidisyè a "Service of Process" la finn konplete epi akize a prezante yon repons, tribinal la ap voye ba toude pati yo yon avi bay chak pati dat, lè ak kote pou yo prezante a. Ou fèt pou prezante nan

tribinal jou sa a; si w pa prezante, yo ta kab anile ka w an. Si lòt pati a pa prezante, tribunal la ta kab deklare lòt pati a an defo. Si w pa kab konparèt nan tribunal la poutèt sikonstans fòs majè, ou fèt pou kontakte lòt pati a **ansanm ak** tribunal la davans epi mande pou yo ranvwaye dat jijman pou yon lòt dat.

Prezante ak tout prèv (dokiman yo, foto yo, ak tout temwen yo) ke w ap bezwen pou pwouve ka w an nan tribunal jou dat odyans la. Deklarasyon alekri yon temwen, menm si se sou sèman, pa admisib nan tribunal. Sel temwayaj aktyèl nan tribunal de temwen ki te tandem oubyen wè sak te fèt la ap admisib. Prepare tout kesyon ou yo alavans. Menm si akize a pa ta prezante nan tribunal la, jij la ta kab fikse yon *Odyans sou Prèv yo (Proof Hearing)* kote w ap oblige prezante tout dokiman ki sipòte ka w an, kankou chèk ki déjà touche, money orders, resi lavant, bòdwo, kontra, devi yo, kontra lokasyon yo, lèt yo, foto yo ak tout lòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou a.

Tribinal la va pwobableman mande ke w eseye regle ka w an ak èd yon oksilyè jiridik oswa yon medyatè ak eksperyans anvan ou prezante nan jijman. Si w ta rezoud ka w an, ou fèt pou di jij la ansanm ak grefye tribunal la.

Sistèm Jidisye ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisye yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Sistèm Jidisye Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribunal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## Fòm kalkil frè pou depoze yon ka

<b>Frè pou Prezante yon Plent</b>	
Montan ki reklame a se \$5,000 oswa mwens - <b>\$50</b> <b>oswa</b>	\$ _____,
Montan ki reklame a depase \$5,000 men mwens ke \$20,000 - <b>\$75</b>	
<b>Pou chak Akize Adisyonèl</b>	
Si w ap asiyen plis de yon moun oswa yon konpayi - <b>\$5</b> pou chak akize adisyonèl	Kantite Akize adisyonèl: _____, x \$5
	Total \$ pou tout akize adisyonèl yo: \$ _____,
<b>Frè Sèvis pa lapòs</b>	
<b>\$7</b> pou chak akize	Kantite Akize yo (Sonje pou mete akize orijinal la ladann): _____, x \$7
	Total \$ Frè sèvis: \$ _____,
<b>Frè pou Jijman devan Jiri</b>	
<b>Jijman ak sis manm Jiri- \$100</b>	Make frè aplikab la \$ _____,
<b>Total Frè yo</b>	\$ _____,

---

**Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Fòm A a Plent Pati Sivil Espesyal**  
(Special Civil Part Complaint)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumetè ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A. Plenyan a se w, moun kap asiyen a, epi akize a se moun w ap asiyen a.
- B. Nan espas vid nan mitan plent la, ou fèt pou eksplike tout rezon pouki w ap asiyen akize a an detay. Sèten rezon pouki w ap asiye yon moun oswa yon konpayi kab:
- Yon moun oswa yon konpayi pat respekte kontra alekri a oswa oral la;
  - Ou peye lajan depo epi w panse yo ta fèt pou ranbouse w;
  - Pwopriyete w sibi dega nan yon aksidan machinn;
  - Akize a swa domaje oubyen pèdi pwoprieyete w;
  - Machandiz ou achte a gen defo;
  - Travay ou peye te gen defo oswa pat konplete;
  - Ou vle pou yo peye w pou travay ou fè;
  - Yon moun ba w yon chèk san pwovizyon;
  - Ou bay yon pwopriyetè depo garanti ke li pa remèt.
- C. Si plent (Fòm A a) oswa nenpòt ki kopi papye ou te atache a plent la genyen nimewo Sekirite Sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, nimewo kont labank ki aktif, nimewo kat kredi oswa enfòmasyon sou stati militè endividé a, ou fèt pou bife yo (bife yo) enfòmasyon sa a de fason pou yo pa ka wè l, amwens ke idantifikasiyon pèsonèl sa a egzijib daprè lalwa, règleman, direktiv administratif oswa lòd tribinal. Si yon kont finansye se li ki rezon pou ka w an epi pa ta gen lòt mwayen pou idantifye li, ou ta mèt itilize dènye kat chif sou kont la pou idantifye li.
- Remak:** Pa bife (bife) enfòmasyon sa a nan papye original yo ke w ap kenbe piske ou kab byen oblige montre yo ba tribinal la a yon moman done.
- D. Date ak siyen fòm la.
- Remak:** Ou ta mèt anekse plis paj papye ak plent la si li ta nesesè.

**Form A****Plaintiff**

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey  
Law Division, Special Civil PartCounty \_\_\_\_\_  
Docket Number \_\_\_\_\_

(to be provided by the court)

vs.

**Defendant**

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

**Civil Action  
Complaint**

Type or print the reasons you, the Plaintiff(s), are suing the Defendant(s): (See instruction B)  
Attach additional sheets if necessary.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

The amount you, the Plaintiff(s) are demanding from the Defendant(s) \$\_\_\_\_\_.

The Judiciary will provide reasonable accommodations to enable individuals with disabilities to access and participate in court events. Please contact the local ADA coordinator to request an accommodation. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

The New Jersey Judiciary provides court-interpreting services. If you need an interpreter, notify the court as soon as possible. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

I certify that the matter in controversy is not the subject of any other court action or arbitration proceeding, now pending or contemplated, and that no other parties should be joined in this action.

### **Form A**

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule 1:38-7(b)*.

---

Date

---

Your Signature


---

Name Typed or Printed

**Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Fòm B a Manda Konparisyon Pati Sivil Espesyal**  
(Special Civil Part Summons)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumetè ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A. Tape oswa enprime **Non pa w** ak adrès anba seksyon ki make *Person or Business Suing You (Plaintiff)*. Anba seksyon ki make *Plaintiff's Attorney Information*, tape oswa enprime non, adrès ak nimewo telefòn avoka w an - si w gen avoka.
- B. Anba seksyon ki make *Person or Business Being Sued (Defendant)*, tape oswa enprime non akize a (akize yo) adrès ak nimewo telefòn.
- C. Anlè nèt sou bo dwat anvan mo *County*, ak anlè nèt agòch anvan mo *Special Civil Part*, oubyen enprime non konte kote w ap asiyen a.
- D. Anlè nèt sou bo gòch la anba mo *Special Civil Part*, tape oswa enprime non adrès ak nimewo telefòn tribinal kote w al depoze plent la.
- E. Kote ki make *Check One*, tcheke pou di si w ap asiyen poutèt vyolasyon kontra oswa deli civil (al nan definisyon ki sou paj 5 a).
- F. Nan espas aprè mo *Demand Amount*, tape oswa enprime montan w ap reklame a. Montan ke w ap reklame a fèt pou menm ak montan ki parèt sou plent la.
- G. Nan espas aprè mo *Filing Fee*, tape oswa enprime frè ou te kalkile nan paj 9 la (\$50 oswa \$75, plis \$5 pou chak akize adisyonèl).
- H. Nan espas aprè mo *Service Fee*, tape oswa enprime frè ki kalkile sou paj 9 la.
- I. Nan espas aprè mo *Attorney's Fees* kite li vid. Si w reprezante pa yon avoka, la va ranpli seksyon sa a pou w.
- J. Konplete *Supplemental Page*, ki kole a, sel si li ta nesesè paske w pat jwenn ase espas pou enkli ak konplete non yo ak adrès tout plenyan adisyonèl yo ak/oswa akize adisyonèl yo.



Court's Address and Phone Number:  
Special Civil Part

Telephone No. \_\_\_\_\_

**Superior Court of New Jersey  
Law Division, Special Civil Part**

County \_\_\_\_\_  
Docket No: DC \_\_\_\_\_

**Civil Action  
Summons**

**Check one**

- Contract  
 Tort

**YOU ARE BEING SUED!**

**Person or Business Suing You (*Plaintiff*)**

---

---

---

(See the following page(s) for additional plaintiffs)

**Plaintiff's Attorney Information**

---

---

---

---

**Person or Business Being Sued (*Defendant*)**

---

---

---

(See the following page(s) for additional defendants)

**The Person or Business Suing You Claims  
You Owe the Following:**

Demand Amount	\$ _____
Filing Fee	\$ _____
Service Fee	\$ _____
Attorney's Fees	\$ _____
<b>TOTAL</b>	\$ _____

**FOR JUDICIARY USE ONLY**

In the attached complaint, the person or business suing you briefly tells the court their version of the facts of the case and how much money he or she claims you owe. **If you do not answer the complaint, you may lose the case automatically and the court may give the plaintiff what the plaintiff is asking for, plus interest and court costs. You have 35 days from the date of service to file your answer or a signed agreement.** If a judgment is entered against you, a Special Civil Part Officer may seize your money, wages or personal property to pay all or part of the judgment. The judgment is valid for 20 years.

**IF YOU DISAGREE WITH THE PLAINTIFF'S CLAIMS, A WRITTEN ANSWER OR SIGNED AGREEMENT MUST BE RECEIVED BY THE COURT ABOVE, ON OR BEFORE \_\_\_\_\_,**  
**OR THE COURT MAY RULE AGAINST YOU.**

**IF YOU DISAGREE WITH THE PLAINTIFF, YOU MUST DO ONE OR BOTH OF THE FOLLOWING:**

1. ***Answer the complaint.*** An answer form that will explain how to respond to the complaint is available at any of the New Jersey Special Civil Part Offices or on the Judiciary's Internet site [njcourts.gov](http://njcourts.gov). If you decide to file an answer to the complaint made against you:
  - Fill out the Answer form AND pay the applicable filing fee by check or money order payable to: **Treasurer, State of New Jersey**. Include **DC \_\_\_\_\_** (your Docket Number) on the check.
  - Mail or hand deliver the completed Answer form and the check or money order to the court's address listed above.
  - Hand deliver or send by regular mail a copy of the completed Answer form to the plaintiff's attorney. If the plaintiff does not have an attorney, send your completed answer form to the plaintiff by regular and certified mail. This **MUST** be done at the same time you file your Answer with the court on or before \_\_\_\_\_.

**Please Note – If you file an Answer your case will be sent to a settlor to try to resolve your case prior to trial.**

2. ***Resolve the dispute.*** Contact the plaintiff's attorney or contact the plaintiff if the plaintiff does not have an attorney to resolve this dispute. The plaintiff may agree to accept payment arrangements. If you reach an agreement, mail or hand deliver the **SIGNED** agreement to the court's address listed above on or before \_\_\_\_\_.

**Please Note - You may wish to get an attorney to represent you.** If you cannot afford to pay for an attorney, free legal advice may be available by contacting Legal Services at \_\_\_\_\_ . If you can afford to pay an attorney but do not know one, you may call the Lawyer Referral Services of your local County Bar Association at \_\_\_\_\_. Notify the court now if you need an interpreter or an accommodation for a disability for any future court appearance.

/s/ Name \_\_\_\_\_

Clerk of the Superior Court



Court's Address and Phone Number:  
\_\_\_\_\_  
Special Civil Part

**Superior Court of New Jersey  
Law Division, Special Civil Part**

## County

Docket No: DC

# Civil Action Summons

**Check one**

- Contract
  - Tort

### **Additional Plaintiffs/demandantes adicionales**

## **Additional Defendants/demandados adicionales**